



Pou Piblikasyon Imedya: 21/12/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON LIS ENPÒTAN NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON LI AN

Plizyè Douzèn Endividi Wo Nivo ap Rantre nan Administrasyon Cuomo a kote Y ap Chita sou Pwogrè Pase pou Kontinye fè Eta New York Vanse

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse plis pase de douzèn nominasyon nan chanm egzekitif la ak ajans eta yo, sa ki reprezante yon adisyon enpòtan nouvo talan ki gen bon jan eksperyans nan administrasyon li an. Gason ak fanm byen kalifye sa yo pral mete ak Gouvènè a pou rapouswiv yon ajanda anbisye pou amelyore lavi tout Nouyòkè epi kontinye fè eta a vanse.

“Pandan n ap kòmanse yon nouvo ane, administrasyon nou an ap double efò nou yo pou bati yon Nouyòk ki gen plis sekirite, plis solidite ak pwosperite,” **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Depi nan batay nou pou jistis sosyal, ekonomik ak anviwonman, rive nan kreyasyon dyòb ak amelyorasyon konpetitivite nou, n ap pran yon seri mezi odasye pou kontinye fè eta a vanse. Gason ak fanm sa yo – ki gen kokenn konpetans ak respè nan domèn yo – ap vini jwenn nou pandan n ap renouvle angajman nou pou amelyore lavi tout Nouyòkè. M espere travay ak yo tout pou pi byen sèvi moun New York.”

Men lis konplè dènye nominasyon Gouvènè a:

Melissa DeRosa nonmen Chèf Kabinè. Depi mwa avril 2013, Madam DeRosa travay kòm Direktè Kominikasyon epi tou lotre jou li te ajoute “Konseye Estratejik” nan tit li.

Pandan li te nan pòs la, Madam DeRosa te jere kominikasyon jeneral ak laprès pou Chanm Egzekitif la ak plis pase 50 ajans eta a. Nan nouvo dyòb li a, pòtfolyo li ap kontinye gen ladann kominikasyon, epi ap ajoute afè lejislatif, politik, travay ak apwòch estratejik administrasyon an pou vote politik. Anvan li te antre nan administrasyon Gouvènè a, Madam DeRosa te travay nan Biwo Pwokirè Jeneral la kòm Chèf Kabinè Adjwen ak kòm Chèf Kabinè pa Entèrim. Madam DeRosa te alatèt travay biwo a tap fè pou negosye ak adopte dènye pake refòm pi dinamik sou medikaman sou preskripsyon peyi a, I-STOP (Lwa sou Sistèm Entènèt pou Fè Swivi sou Preskripsyon). Anvan li te travay pou Pwokirè Jeneral la, Madam DeRosa te travay kòm Direktè Eta New York pou Organizing for America, òganizasyon nasyonal aksyon politik Prezidan Obama. Anvan li te rantre nan OFA, Madam DeRosa te travay kòm direktè kominikasyon ak lejislasyon

pou Cordo and Company, yon antrepriz afè gouvènman ki baze nan Albany. Li te manadjè kanpay tou pou Tracey Brooks pou Kongrè, sekretè adjwen laprès pou Manm Kongrè Nydia Velazquez, ak sekretè adjwen laprès pou Kanpay Lwa sou Koneksyon nan Transpò Eta New York ki te gen siksè "Vote Wi" nan ane 2005. Li gen yon lisans nan Relasyon Endistri ak Travay ak yon Metriz nan Administrasyon Piblik li te pran nan Cornell University. Li te manm nan konsèy egzekitif Women's Leadership Forum Network Komite Nasyonal Demokratik la.

Robert F. Mujica Jr. nonmen Direktè Bidjè pou Divizyon Bidjè Eta New York la. Anvan sa, li te Chèf Kabinè Prezidan Pwovizwa ak Lidè Majorite Sena a epi kounye a ap travay kòm Sekretè Komite Finans Sena a. Pandan 19 ane pandan li t ap travay anba twa Lidè Majorite, Mesye Mujica konseye divès otorite eli ak gouvènman nan New York sou bidjè Eta a, kesyon fiskal ak politik. Kòm Chèf Kabinè li te responsab kowòdinasyon ak aktivite ant biwo politik, konsèy ak kominikasyon Sena a onon lidèchip Sena a. Mete sous a, kòm Sekretè Komite Finans Sena a, konseye fiskal anchèf Sena a, responsabilite l se dirije yon ekip analist ak ekonomis po egzamine ak proposal politik bidjetè ak fiskal pou Majorite Sena a. Mesye Mujica te chef lyezon ak biwo Gouvènè a, ajans eta a ak Asanble eta a, epi prensyal negosyatè responsab tout ik bidjè eta a ak negosyasyon politik onon lidèchip Sena a. Li te pran B.A. nan Brooklyn College nan City University of New York, yon diplòm Mastè nan Administrasyon Piblik nan University of Pennsylvania ak yon J.D. nan Albany Law School.

Mesye Mujica ranplase Mary Beth Labate, ki rantr nan SUNY kòm yon konseye senyò politik ak pwogram nan Komite Egzekitif Chanselye a.

Jill DesRosiers nommen Sekretè Adjwen pou Operasyon Egzekitif epi pral sipèvize biwo Afè Entègouvènmanal, scheduling ak Operasyon, ak Afè Rejyonal ak Constituency. Madam DesRosiers travay nan New York City ak gouvènman ak politik onivo Eta a pandan 15 ane. Depi 2012, Madam DesRosiers se direktè Ajand pou Gouvènè Cuomo, responsab pou lojistik ak planifikasyon estratejik pou Gouvènè a, tankou evenman, konferans pou laprès ak somè issue based. Li te planifye ak kowòdone kanpay issue based ak depatman Operasyon, Entègouvènmanal ak Kominikasyon. Apre li te pran yon diplòm nan University of Pennsylvania nan Jeni Sistem, Madam DesRosiers te travay nan pozisyon senyò pou New York City Council pandan 12 lane anba toude Prezidan Gifford Miller ak Christine Quinn, kote responsablite li te gen ladan l sèvis sansibilizasyon ak manm kominotè. Li te kreye CouncilStat, premye system swivi sou konpyoutè pou pwoblèm konstitiyan nan tout vil la. Li travay tou kòm direktè kanpay, direktè field ak direktè GOTV pou plis pase yon douzèn kanpay nan New York City.

James Allen nonmen Direktè Kominikasyon. Anvan sa, Mesye Allen te Vis Prezidan Kominikasyon ak Strateji nan Mic, kote li te sipèvize strateji mak, kominikasyon, ak afè eksteryè. Avan li te rantr nan Mic, Allen te travay kòm direktè kominikasyon ak pòtpawòl prensipal pou ansyen Majistra Newark la Cory Booker. Li te travay tou kòm direktè kanpay ak yon prensipal konseye pou Manm Kongrè Ameriken John Carney, Demokrat Delaware, epi li gen eksperyans kòm anplwaye nan anpil lòt kanpay politik

atravè peyi a, tankou Obama for America nan lane 2008. Nan kòmansman karyè li, li te yon egzekitif account senyò nan Weber Shandwick. Li te pran B.A.li nan retorik ak kominikasyon nan SUNY Albany.

Majistra Michael J. Cerretto nan New York State Police ap nommen Direktè Biwo Counter teworis anndan Sèvis Ijans ak Sekirite Enteryè. Kòm direktè, Majistra Cerretto pral dirije inite yo anndan Biwo Counter Terrorism epi pral travay nan tèt ansanm ak New York State Intelligence Center a, State Police ak ajans polisye lokal ak federal. Majistra Cerretto te travay tout lotre jou kò Chèf youn nan sèz terrorism Zones Eta a kak kowòdone pataj enfòmasyon ak kowòdinasyon operasyonèl ant ajans polisye Eta a ak lokal. Majistra a se manm Komite Egzekitif la sou Counter Terrorism ki travay sere sere a ak New York State Intelligence Center. Majistra erretto, yon ansyen Verteran Navy kit e travay pandan ventuit an avec State Police la, pa gen lontan li te Kòmandan Troop A nan Batavia epi te sipèvizè operasyon nan uit konte Western New York yo.

Daniel Fuller nonmen Konseye Politik Edikasyon. Tou lotre jou, Mesye Fuller te travay kòm Vis Prezidan Relasyon ak Paleman nan Communities in Schools. Anvan sa, li te Direktè Politik Piblik nan Association for Supervisoin and Curriculum Development, epi anvan sa, li te Direktè Pwogram Federal nan National School Boards Association. Mesye Fuller genyen yon B.A. nan lang Angle li te pran nan SUNY Plattsburgh.

Kate Dineen nonmen Asistan Sekretè pou Anviwonman. Madam Dineen pa gen lontan te travay kòm Direktè Egzekitif Adjwen Biwo Rekiperasyon apre Siklòn Gouvènè a, kote li t ap sipèvizè egzekisyon pwojè rekiperasyon ak rezilyans nan kominote ki te viktim Siklòn Irene, Tanpèt Twopikal Lee ak Sipè Ouragan Sandy. Anvan li te rantre nan gouvènman eta a, li te Direktè Politik Senatè ameriken Kirsten Gillibrand, kote li t ap kouvri pwoblèm enviwonman, enèji ak devlopman ekonomik. Li te travay tou pou gouvènman federal Ostralyen an kote li t ap evalye premye model nasyonal mondyal la ki pou ekilibre kreyasyon ak komès kredi kabòn,, ak pou BMW Guggenheim Lab, yon think tank mobil sou pwoblèm. Madame Dineen te gradye cum laude nan William College ak yon B.A. nan lang angle epi li gen yon Mastè nan Planifikasyon Iben li pran nan Massachusetts Institute of Technology.

Barbara Williams nonmen Direktè Politik Adjwen pou Gouvènè Andrew M Cuomo. Anvan li te rantre nan administrasyon an, Barbara te travay pandan nè lane nan Depatman Deta Ameriken. Tou lotre jou, li te Atache Kiltirè Adjwen nan Ambasad Ameriken nan Mexico City. Anvan sa li te konseye Asistan Sekretè Deta pou Zafè Politik. Li pale Espayòl ak Pòtigè. Barbara gen yon B.A. nan Syans Politik ak yon Master of Arts nan Devlopman Ekonomik ak Sosyal Rejyonal li te pran nan University of Massachusetts nan Lowell.

Josh Rousseau nonmen Asistan Sekretè pou Zafè Lejislatif. Pa gen lontan Josh te travay kòm yon Asistan Espesyal nan Biwo Zafè Lejislatif Gouvènè a e anvan sa, li te yon Asistan Espesyal nan New York State Homes & Community Renewal Office of Intergovernmental Affairs. Anvan sa, Josh te Chèf Kabinè ak Direktè Lejislatif/Comminikasyon pou Vis Prezidan Asanble Eta New York la, Rhoda S. Jacobs.

Josh gen yon B.S. nan Syans Politik li te pran nan State University of New York nan Plattsburgh.

Quinn Staudt nonmen Asistan Konfidansyèl Gouvènè a ak Direktè Angajman Piblik. Anvan nominasyon li, Mesye Staudt te yon Konsiltan Politik nan Smoot Tewes Group. Anvan sa, li te yon Operative Politik ak Greenbert, Quinlan, Rosner, Research (GQRR) ak yon Konseye popu Premye Minis Repiblik Moldova a. Mesye Staudt te jwe anpil wòl tou nan Mezon Blanch, tankou Direktè Biwo Politik Piblik ak Entègouvenman ak Liezon Piblik nan Office of National Drug Control Policy. Li te travay tou kòm Espesyalis Pwogram Zafè Piblik nan Biwo Sekretè Depatman Komès Ameriken an. Mete sous a, Mesye Staudt te yon Direktè Field Adjwen pou Obama for America Campaign nan Pennsylvanie epi li te jwen plizyè wòl nan apeprè yon douzèn eta pandan dezan kanpay la. Li gen yon B.S. nan Gouvenman ak Politik li te pran nan University of Maryland.

Laura Graham nonmen Vis Prezidan Senyò Pwojè Espesyal nan Empire State Development Corporation. Anvan nominasyon li, li te Konseye Senyò pou Pwogram Mondyal ak Chèf Operasyon Clinton Foundation. Soti 2001 rive 2009, Madam Graham te gen plizyè pozisyon nan Biwo ansyen Prezidan Bill Clinton, tankou: Chèf Kabinè ak Direktè Ajanda & Advance. Madam Graham gen yon B.A. nan Syans Politik li te pran nan Wagner College.

Thomas Berkman nonmen Delege Adjwen ak Konseye Jeneral pou Department of Environmental Conservation, kote lap travay kòm Konseye Adjwen. Anvan li te travay nan Department of Environmental Conservation, Mesye Berkman te travay kòm Asistan Attorney Jenerl nan Criminal Protections Bureau nan Biwo Attorney General New York la kote li te jije yon pil ak pakèt dosye kriminel, tankou fwod fiskal, vyolasyon sekirite, reklamasyon anviwonman ak asirans. Anvan sa, Mesye Berkman te yon Securities Staff Attorney nan Wilmer Cutler Pickering Hale & Dorr, LLP ak yon Asosye Litij nan McGuirewoods, LLP. Li te travay tou kòm yon Assistant District Attorney nan Biwo Queens County District Attorney la. Mesye Berkman gen yon J.D. li pran nan Boston College Law School ak yon B.A. nan Tufts University.

Nikhil Natarajan nonmen Direktè Adjwen pou Planifikasyon, Fòmasyon ak Egzèsis, ak REP Program nan. Anvan, li okipe plizyè pòs nan New York State Dep Direktè Adjwen, Direktè associate ak Kowòdonatè. Anvan li te travay pou Depatman Sante Eta New York, Mesye Natarajan te Kowòdonatè Pwogram Paramedik ak Monitè Jesyon Ijans nan State University of New York nan Ulster. Li te pase tou anpil ane kòm yon ponpye volontè ak plis pase yon dizèn lane ap travay kòm paramedical, san bliye plizyè pòs sipèvizyon li te okipe. Li gen yon B.P.S. nan Etid Envidi ak Administrasyon Sèvis Sante li pran nan SUNY Empire State College ak yon Sètifika Inisyativ Lidèchip pou Preparasyon Nasyonal li pran nan Harvard University Kennedy School of Government.

Abbey Fashouer nonmen Sekretè Adjwen Près. Mesye Fashouer anvan sa te travay kòm Sekretè Près pou Senatè Jeff Klein. Anvan sa, li te yon Direktè nan Mercury, LLC. Li te tou yon òganizatè de teren pou Sweeney, Burzichelli ak Riley Campaign ak pou Quinn pou New York Mayoral Campaign. Li gen yon B.A. li pran nan SUNY Albany.

Scott Wyner nonmen Konseye Jeneral pou New York State Department of Agriculture & Markets. Anvan, Mesye Wyner te Konseye nan Storch Amini & Munves PC ak Thelen, LLC. Anvan sa, li te yon patenè nan Winick & Rich PC ak yon asosye nan Demov, Morris, Levin & Hammerling ak nan Milbank, Tweed, Hadley & McCloy. Mesye Wyner angaje l nan pratikman tout fasèt litij sivil, kote li espesyalize la nan litij biznis, komès, sekirite, pwopriyete entelektyèl, teknoloji ak konstriksyon devan trivinal eta ak federal. Mesye Wyner gen yon long eksperyans ak rezolisyon konfli altènatif epi travay kòm yon abit ak medyatè komèsyal. Li se tou yon pwofesè adjunct associate nan CUNY's School of Professional Studies, kote li anseye negosyasyon ak rezolisyon konfli. Li gen yon Doktora nan Dwa li pran nan Georgetown University Law School, yon M.A. nan Etid sou Japon nan University of Michigan, ak yon B.A. alafwa nan syans politik ak Etid sou Japon nan Colgate University.

Yo nonmen **Sean Hennessey** Assistant Commissioner pou Operasyon rejyonal nan Depatman Transpò pou Utica, Syracuse ak Watertown. Dènye travay Mesye Hennessey se te nan New York State Office of General Services kòm Sipèentandan Bilding Rejyonal kap sipèvizè operasyon nan State Office Buildings nan Buffalo, Syracuse, Utica ak Watertown. Anvan sa li te Commissioner Konsèy Elektoral Jefferson County. Mesye Hennessey diplome nan SUNY Canton kote l te etidye Architectural Design and Construction Technologies. Toulòtjou yo onore Mesye Hennessey paske l te resevwa pri 2015 Northern Regional Center for Independent Living (NARCIL) "Boundary Buster" a poutèt fason l te plede pou dwa kominote andikape yo. Mesye Hennessey se yon lidè ki trè fyè nan kominote kote l se responsab ak fondatè emisyon radio Echoes of Ireland, antrenè Tri-Village baseball league epi òganizatè North Country Goes Green Irish Festival la.

Yo nonmen **Thomas L. McIntyre Jr.** Assistant Commissioner pou Operasyon Rejyonal nan Depatman Transpò. Tou dènyèmman li travay nan Sage Technical Service nan Lexington nan South Carolina kote l te Administratè ak enstriktè pou Lisans Chofè Komèsyal. Anvan sa Mesye McIntyre te yon Certified Transportation Layman nan TMC Transportation nan Des Moines, Iowa, anvansa li te Ajan Penitansyè nan Depatman Prizon South Carolina (South Carolina Department of Corrections). Mesye McIntyre te nan US Army tou epi l te gen yon seri pozisyon nan Lame a tankou Brigade Battle Staff First Sergeant, Anbasadè Bòn Volonte Lame Etazini ak Teknisyen Operasyon Minisyon ak Ekipman. Li gen yon diplòm Associate Degree nan Syans Aplike li te pran nan New River Community College.

Yo nonmen **Nathaniel Dorfman** Asistan Konseye nan Department of Financial Services. Anvan sa li te yon asosye nan Whiteman, Osterman ak Hanna LLP. Anvan sa li te Asistan Konseye Gouvènè a kote l te travay kòm ofisye etik Executive Chamber a. Anplis Mesye Dorfman te okipe plizyè pòs nan Depatman Jistis Etazini, tankou Assistant United States Attorney nan Northern District of New York ak Komisè Gouvènman nan Divizyon Taks la, Seksyon pwosè Sivil. Mesye Dorfman gen yon Doktora nan Dwa li pran nan Harvard Law School ak yon B.S. nan Cornell University.

Yo nonmen **Jonathan S. Fishbein** Konseye Jeneral nan Division of Veteran's Affairs. Pi resaman Mesye Fishbein te yon Avoka Kou Dapèl nan prive. Kòm ansyen prezidan Mediation Matters, Inc., nan Albany, li se yon medyatè ki antrene epi yon Abit Tribinal Sètifye. Mesye Fishbein okipe plizyè pòs nan United States Figure Skating Association nan Colorado, tankou Konseye Spesyal Ekstèn, Delege nan Konsèy Gouvènman, ak Manm Komite Doleyans ak Etik. Anvan, Mesye Fishbein te yon Avoka Tribinal Senyò nan Kou Dapèl New York State. Li gen yon Doktora Dwa li pran nan Benjamin N. Cardozo School of law ak yon B.S. Kontablite nan Faileigh Dickinson University.

Yo nonmen **Karen Geduldig** Direktè Telekomunikasyon nan Depatman Sèvis Piblik New York State. Aktyèlman lap travay kòm Konseye Jeneral ak Ofisye Etik nan Biwo Sèvis Enfòmasyon ak Teknoloji New York State, yon dyòb li genyen depi 2011. Anvan nominasyon l nan Biwo Sèvis Enfòmasyon ak Teknoloji a Madan Geduldig te travay nan Biwo Entènèt Minis Jistis New York State la, tankou Acting Bureau Chief (Fevriye 2010-Janvye 2011) epi Asistan Minis Jistis (Janvye 2005-Fevriye 2010). Anvan pozisyon l nan Biwo Minis Jistis New York State la Madan Geduldig te yon asosye nan Kabinè avoka McDermott Will & Emery, LLP. Li gen yon Doktora li pran nan Fakilte Dwa Hofstra University ak yon B.A. nan Syans Politik li pran nan George Washington University.

Yo nonmen **Freeman Klopott** Direktè Kominikasyon ak Maketing nan Dormitory Authority Eta New York la. Tou dènyèman Mesye Klopott te yon repòtè nan Bloomberg News. Anvan sa l te yon repòtè nan Washington Examiner ak Keene Sentinel. Mesye Klopott gen yon M.A. li pran nan Fakilte Journalis Medill Northwestern University ak yon B.A. nan Istwa ak Kilti Ameriken li pran nan Washington University nan St. Louis.

Yo nonmen **Matthew Peluso** Konseye Spesyal Commissioner Etik, Risk ak Konfòmite nan Motor Vehicle Department. Anvan sa, Mesye Peluso te Asistan District Attorney pou Konte Albany kote li te yon manm Financial and Vehicular Crimes Bureaus. Anvan sa, li te yon asosye nan Nixon Peabody, LLP. Mesye Peluso te jije plizyè ka ki te konsènsen deli DWI, atak sou machin, vòl idantite, fwod fiskal ak vòl plizyè kalite avantaj asistans piblik. Li te travay tou kòm ofisye poli nan Vil Rochester. Li gen yon J.D. li te pran nan Albany Law School, yon sètifika nan Aplikasyon Lalwa li pran nan Monroe Community College ak yon B.S. nan Byoloji nan Union College.

Eugene Sarfoh nonmen Konseye Espesyal Direktè Egzekitif la pou Etik, Risk ak Compliance nan Justice Center a. Pa gen twò lontan, li te Prensipal Avoka nan Albany, New York office of McCabe, Collins, McGeough & Fowler, LLP. Anvan sa, li te pase 9 lane kòm yon Ofisye kabinè litij, O'Connor, O'Connor, Bresee & First, P.C. Mesye Sarfoh anvan sa te travay kòm yon Asistan Felony Trial nan Biwo Albany County District Attorney a ak kòm yon Asistans Defansè Piblik nan Biwo Albany County Public Defender a. Mr. Sarfoh gen yon J.D. li pran nan University of Michigan Law School ak yon nan Syans Politik ak Filozofi nan University of Rochester.

Melissa Greenberg nonmen Ofisye Komèsyal Anchèf nan Biwo Sèvis Jenewo Eta New York. Madam Greenberg pa gen twò lontan te travay kòm Chèf Sèvis Kliyantèl, Jesyon Pèfòmans ak Tranzisyon nan Sant Komèsyal la nan OGS. Anvan sa, li te Direktè

Operasyon Bidjè pou New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation. Madam Greenberg te okipe plizyè pòs nan New York State Statewide Financial System (SFS) san bliye Business Transformation Lead and Chart of Accounts and General Ledger Lead. Li te tou yon Asosye Senyò nan KPMG. Li genyen tou yon M.S. nan Sistèm Enfòmasyon Kontab li pran nan University at Albany ak yon B.S. nan Biznis, Jesyon ak Ekonomi nan SUNY Empire State College.

Simone-Marie L. Meeks nonmen Asistan Delege nan Department of Homes and Community Renewal. Anvan sa li te yon Direktè nan Lord Lipscomb Molloy PR Strategies, epi te okipe plizyè pòs nan New York Academy of Medicine, tankou Direktè Sansibilizsyon Kominotè ak LEjislatif ak Asosye Politik Senyò. Madam Meeks te yon Pwofesè Adjwen tou nan Devlopman Kominotè nan Queens College ak yon Konseye nan Kominikasyon ak Politik nan Depatman Sante Konte Nassau. Li te okipe divès pòs nan biwo Prezidan Bronx Borough a ak nan Biwo Manm Asanble Eta New York la. Li gen yon M.S. nan Analiz Politik Iben ak Jesyon li pran nan New School ak yon B.S. nan lang Angle ak Etid Medya nan Fordham University.

John Scicchitano nonmen Direktè Patenarya Filantwopik nan NYSERD. Mesye Scicchitano pa gen twò lontan te gen yon pòs nan Depatman Agrikilti peyi Etazini kote li t ap mennen efò pou trake grangou nan lemond yon fason pou fasilite entevansyon gouvènman atan. Anvan sa, Li te Direktè nasyonal World Vision Chad. Mesye Scicchitano te Manadjè Pwogram tou nan FEWS NET nan Ajans peyi Etazini pou Devlopman Entènasyonal, epi li te okipe plizyè pòs nan Biwo Asistans nan Katatwòf Etranje peyi Etazini nan Senegal, World Relief nan Burkina Faso, Rwanda, ak Kenya, ak Komite Sekou Entènasyonal nan Burundi. Mesye Scicchitano gen yon Mastè Egzekitif nan Lidèchip li pran nan Georgetown University McDonough School of Business ak yon B.S.E. nan Jeni Sivil ak Rechèch Operasyon li pran nan Princeton University. Li rekoni tou nan Lis Ekspè Nasyon Zini yo nan domèn annapre yo: planifikasyon patisipatif, devlopman kominotè, patenarya nan mitan pati konsènen ak politik ak estrateji.

Barbara Lee Steigerwald nonmen Asistan Delege pou Pwojè Espesyal nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans. Tou lotre jou la, Madam Steigerwald te Asistan Vis Prezidan pou Relasyon Gouvènmanal nan SUNY Albany, anvan sa, li te yon Konsiltan nan Relasyon Piblik nan Ostroff Associates, Inc. Madam Steigerwald te okipe plizyè pòs nan sèvis piblik, tankou Chèf Kabinè pou Senatè Eta New York Charles J. Fuschillo, Jr., Analis Swen Sante Senyò pou Komite Finans Eta New York ak Asistan Konseye pou Senatè Eta New York Kenneth P. Lavelle. Ms. Steigerwald genyen yon J.D. li te pran nan St. John's University School of Law ak yon B.S. nan Jesyon Komèsyal li te pran nan SUNY Binghamton.

Khurram Saeed nonmen Direktè Kominikasyon pou New NY Bridge. Depi lane 2000, Mesye Saeed tap travay kòm yon repòtè pou The Journal News, kote li tap kouvri yon pil ak pakè sijè sou transpò ak yon atansyon espesyalize sou Tappan Zee Bridge pou dènye dizèn lane ki sot pase yo. Anvan li te travay pou The Journal News, Mesye Saeed te yon repòtè City Hall pou The Bellingham Herald nan Eta Washington. Li te travay tou kòm publisher and editor-in-chief nan Aaj Magazine, ki kouvri kominote Sid

Azi a nan Vancouver, BC, Kanada. Mr. Saeed genyen yon B.A. nan jounalis li te pran nan Pace University.

Raquel Gonzalez nonmen Asistan Espesyal nan Depatman Agrikilti & Mache. Madam Gonzalez pa gen twò lontan te okipe plizyè pòs nan Administrasyon Prezidan Obama, tankou Direktè Adjwen Biwo Lyezon Mezon Blanch lan nan Depatman Agrikilti peyi Etazini, Asistan Espesyal Direktè Peace Corps a, Direktè Ekonomik pou Pèsonèl Prezidan an nan Mezon Blanch, Asistan Konfidansyèl nan Biwo Inovasyon ak Amelyorasyon nan Depatman Edikasyon peyi Etazini, ak Asistan Espesyal Direktè Biwo Syans nan Depatman Enèji a. Madam Gonzalez travay tou pou AFL-CIO of Washington, Komite Inogirasyon Prezidan 2013 la, Organizing for America nan Ohio, ak Obama for America nan Indiana. Madam Gonzalez genyen yon M.A. li pran nan University of Malta ak yon M.S. ak B.A. li pran nan George Mason University.

Alexandra M. Greene nonmen Konseye Politik Senyò nan Empire State Development. Madam Greene te rantre nan administrasyon an antanke yon Empire State Fellow nan Chanm Egzekitif la, kote lite asist nan devlopman ak egzekisyon dwa sivil, developman ekonomik, ak politik mendèv ak inisyativ. Anvan li te rantre nan gouvènman eta a, Madam Greene te travay kòm Asosye Jiridik nan Newark Public Schools ep li te responsab negosyasyon ak respè akò machandaj kolektif yo ansanm ak kreyasyon politik pou tout distri a pou jere nouvo inisyatif lekòl yo epi maksimize kapital imen an. Madam Greene genyen yon B.A. li te pran nan Boston College, J.D. li te pran nan University of Connecticut School of Law, ak yon M.A. nan Columbia University.

James Miskiewicz nonmen Konseye Espesyal pou Etik, Risk ak Compliance nan Long Island Power Authority. Anvan sa, Mesye Miskiewicz te travay kòm Asistan United States Attorney a ak Deputy Chief pou Divizyon Penal Long Island lan nan Biwo Pokirè Ameriken an pou Eastern District of New York. Anvan li te rantre nan Biwo Pwokirè Etazini an, li te travay kòm yon Avoka Pouswivan nan Seksyon Krim sou Enviwonman nan Depatman Jistis Ameriken, epi kòm yon klèk jiridik pou Onorab G. Thomas Eisele, Chief United States District Judge, Eastern District of Arkansas. Li te pran B.A., cum laude li nan City College of New York, ak J.D. li nan City University of New York School of Law.

Jamie Frank nonmen Asistan Sekretè pou Edikasyon. Pa gen twò lontan li te travay nan Inite Edikasyon nan Divizyon Bidjè Eta New York kote li te konsantre sou finans edikasyon, san bliye rechèch li tap mennen ak analiz politik sou kesyon tankou pèfòmans akademik, responsablite pou rann kont, finansman lekòl ak agrandisman pre kindergarten eta a. Anvan li te rantre nan gouvènman Eta New York la, Madam Frank te yon pwofesè Anglè kòm dezyèm Lang nan yon lekòl elemantè piblik nan North Carolina. Li diplome ak yon B.A. ak onè nan University of Rochester, epi li gen yon M.P.A. ak espesyalizasyon nan Politik Sosyal li te pran nan Cornell University.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418